128.	P. Bindusara	: Dhawuha caket Asoka Wardhana. Radagupta!				√	Menyuruh supaya Radagupta mendekat
129.	S. Radagupta	: Inggih kula.				√	Menyatakan kesanggupan
130.	Asoka W.	: Kepareng dalem rama Prabu Bindusara.				√	Meminta izin
131.	P. Bindusara	: Nggonmu sowan caketa!				√	Perintah supaya dekat
132.	S. Radagupta	: Inggih ngestokaken dhawuh.				√	Menyatakan mengerti
133.	Prameswari B.	: <u>La</u> kit wau dalu mbok kaliyan sarean kemawon sinuwun.				√	Interjeksi kata 'la'
134.	Asoka W.	: Inggih prayogi . para putra menika menawi ningali saka dalem kados ngoten menika lajeng malah boten mental nyawang kawontenanipun.				√	Pernyataan
135.	Prameswari B.	: Inggih.				√	Tanggapan dari pernyataan
136.	P. Bindusara	: Iya iya iya.				√	Menyatakan mengerti
137.	Prameswari B.	: Kaliyan sarean sinuwun.				√	Perintah untuk tiduran
138.	P. Bindusara	: Aku manut, ning lawanana.				√	Menyatakan setuju
139.	Prameswari B.	: Inggih-inggih.				√	Menyatakan setuju
140.	Asoka W.	: Kajengipun prayogi dipundamel kalih mawon.				√	Perintah
141.	Prameswari B.	: Mundhut sikik nini.				√	Perintah
142.	D. Asandi Nitra	: Inggih.				√	Tanggapan dari perintah
143.	Prameswari B.	: Lajeng sirae, <u>wis</u> njuk ditumpuk-tumpuk.				√	Pemenggalan kata 'wis' dari kata 'uwis'
144.	P. Bindusara	: Uwis-uwis.				√	Menyatakan kesanggupan
145.	Prameswari B	: Inggih.				√	Menyatakan setuju
146.	P. Bindusara	: Radagupta!				√	Panggilan untuk bawahannya menyebutkan hanya namanya
147.	S. Radagupta	: Nuwun paring dhawuh dalem sang prabu Bindusara.				√	Meminta izin

148.	P. Bindusara : Semana kowe diutus dening kadi prabu Asoka Wardhana?				√	Pertanyaan
149.	S. Radagupta : Inggih.				√	Menyatakan mengerti
150.	P. Bindusara : <u>Piye</u> kaleksanan, yayi Prabu Dewadata Wujaeni?				√	Pemenggalan kata 'piye' dari kata 'kepiye'
151.	S. Radagupta : Inggih, serat sampun katampi wonten ngersanipun sang prabu Dewadata. Inggih sampun <u>teng</u> mriku sampun dipunwaos. Perkawis menika dipunsendikani dening sang prabu Dewadata.				√	Pemenggalan kata 'teng' dari kata 'dhateng'
152.	P. Bindusara : Iya iya <u>kur</u> -syukur...(karo watuk-watuk), nedha nrima aku Radagupta.				√	Pemenggalan kata 'kur-syukur' dari kata 'syukur-syukur'
153.	S. Radagupta : Inggih.				√	Menyatakan mengerti
154.	P. Bindusara : Dhiajeng...!				√	Panggilan untuk istrinya
155.	Prameswari B. : Dhawuh sinuwun ngersakaken menapa?				√	Pertanyaan untuk 'menawarkan sesuatu'
156.	P. Bindusara : Iki <u>wis</u> tabuh pira?				√	Pemenggalan kata 'wis' dari kata 'uwis'
157.	Prameswari B. : <u>Kok</u> ingkang dipunngendikakaken tabuh kemawon inggih sinuwun? Menika tasih siyang.				√	Interjeksi kata 'kok'
158.	Asoka W. : Dhiajeng Tisaracita apadene dhiajeng Asandi Nitra.				√	Panggilan untuk istrinya dengan kata 'dhiajeng'
159.	D. Asandi Nitra : Nuwun paring dhawuh <u>kang</u> mas Asoka Wardhana.				√	Perpendekan kata 'kang' dari kata 'kakang'
160.	Asoka W. : Kowe tansah kang caketa ibu!				√	Perintah untuk mendekat
161.	D. Tisaracita : Inggih.				√	Menyatakan kesanggupan
162.	D. Asandi Nitra : Inggih kula pancen caket kaliyan ibu <u>kang</u> mas, sampun ngendika ngoten.				√	Perpendekan kata 'kang' dari kata 'kakang'
163.	Prameswari B. : Ngersa dalem menapa sinuwun?				√	
164.	P. Bindusara : <u>Ya</u> mumpung aku kelingan dak paring dhawuh marang putraku sekloron.				√	Perpendekan kata 'ya' dari kata 'iya'
165.	D. Tisaracita : <u>O</u> ...inggih.				√	Interjeksi kata 'o'
166.	P. Bindusara : Nini Dewi Tisaracita napa nini Dewi Asandi Nitra!				√	Panggilan untuk anaknya dengan kata 'nini'
167.	D. Asandi Nitra : Badhe paring dhawuh menapa?				√	Mempertanyakan tentang pembicaraan

168.	Prameswari B. : Ngene caketa rama ngene-ngene!				√	Perintah supaya mendekat
169.	D. Tisarakcita : Inggih-inggih ibu.				√	Menyatakan kesanggupan
170.	P. Bindusara : Sira sak kloron, jejer garwane ratu.				√	Perintah untuk bersebelahan dengan ratu
171.	D. Tisarakcita : Inggih.				√	Menyatakan setuju
172.	P. Bindusara : Kaprahing jagad ratu pancen kagungan garwa ora mung siji.				√	Pemberitahuan bahwa raja itu istrinya tidak hanya satu
173.	D. Tisarakcita : Inggih rama inggih.				√	Menyatakan mengerti
174.	P. Bindusara : Mulane kowe sak kloron dak pundhut sing padha akur.				√	Nasihat supaya rukun
175.	D. Tisarakcita : <u>Adhuh</u> rama, sesembahan kula rama. Sinaosa Kanjeng rama boten ngendika ngoten baking manah kula resik rama, boten nggadhahi serik dhateng dhiajeng Asandi Nitra.				√	Interjeksi kata 'adhuh'
176.	Prameswari B. : Ora-ora ngana.				√	Menyatakan penyangkalan
177.	D. Tisarakcita : Sinaosa kula dipunwayuh lair batos kula lila rama.				√	Perasaan rela
178.	D. Asandi Nitra : Semanten ugi kula rama.				√	Perasaan rela
179.	P. Bindusara : Iya-iya.				√	Menyatakan mengerti
180.	D. Asandi Nitra : Sak derengipun kula dipunpendhet garwa <u>kang</u> mas prabu Asoka Wardhana kula sampun dipunparingi pirsu bilih sampun kagungan garwa, ning manah kula menika boten menapa-menapa remen raosing manah rama.				√	Perpendekan kata 'kang' dari kata 'kakang'
181.	P. Bindusara : Iya-iya.				√	Menyatakan mengerti
182.	D. Asandi Nitra : Pramila kula tansah batosipun remen kaliyan mbok Tisarakcita rama.				√	Menyatakan senang
183.	P. Bindusara : Syukur <u>yen</u> kaya ngana <u>isa</u> ngleksanani apa dadi pamundhuku.				√	Interjeksi kata 'yen'; perpendekan kata 'isa' dari kata 'bisa'
184.	D. Asandi Nitra : Sedaya dhawuh tansah ngestokaken rama.				√	Menyatakan setuju
185.	P. Bindusara : Asoka Wardhana!				√	Memanggil anaknya
186.	Asoka W. : Inggih paring pangandika rama prabu Bindusara.				√	Menyatakan setuju
187.	P. Bindusara : Kowe sing kudu wicaksana aja ngagungke kuwasa lan kapinteran, nanging wicaksana iku bisa kanggo ngrampungke sedhela perkara.				√	Nasihat agar bijaksana, jangan mengagungkan kekuasaan dan kepintaran
188.	Asoka W. : Inggih sedaya dhawuh pangandikanipun rama Prabu Bindusara. Sak gadhuk-gadhuk, sak kamat-kamat badhe kula tindakaken				√	Tanggapan dari nasihat yang diberikan

189.	P. Bindusara : Iya. Nyai ratu!				√		Memanggil istrinya dengan sebutan 'nyai'
190.	Prameswari B. : Dhawuh sinuwun.				√		Menyatakan mengerti
191.	P. Bindusara : Dilang kraton madya apa				√		Pertanyaan
192.	Prameswari B. : Boten Sinuwun.				√		Menyatakan tidak
193.	D. Asandi N. : Boten rama.				√		Menyatakan tidak
194.	P. Bindusara : <u>Kok</u> peteng.				√		Interjeksi 'kok'
195.	Asoka W, D. Asandi N., D. Tisarakcita, & Prameswari : Rama...rama...(karo nangis bebarengan)				√		Mengungkapkan rasa sedih
196.	S. Radagupta : Prabu Bindusara!				√		Panggilan untuk sang raja
197.	Kukuh : Nya tak wei balsem cap skorpio <u>ki</u> .				√	√	Pemenggalan kata 'ki' dari kata 'iki'
198.	Kuwat : Emm...				√	√	Menyatakan bingung
199.	Kukuh : Kit mau <u>ki</u> angop-angop, iki gosokna gegerku.				√	√	Interjeksi 'ki'
200.	Kuwat : <u>Ya</u> .				√	√	Pemenggalan kata 'ya' dari 'iya'
201.	Kukuh : Sripah <u>kok</u> ... <u>nek</u> sripah gedhe <u>ki</u> <u>ya</u> beda karo sripah cilik <u>ya</u> ?				√	√	Interjeksi kata 'kok', 'nek', 'ki', 'ya'
202.	Kuwat : <u>lah</u> <u>la</u> iya. Iki <u>ki</u> sing kesel ora mung aku karo kowe.				√	√	Interjeksi kata 'lah', 'iya', 'ki'
203.	Kukuh : Ning sing ngrasakake, iki dirampungke <u>sit</u> .				√	√	Pemenggalan kata 'sit' dari kata 'dhisit'
204.	Kuwat : Hooh.				√	√	Menyatakan mengerti
205.	Kukuh : Ning wong sing liyane, <u>nek</u> tambat tambani.				√	√	Interjeksi kata 'nek'
206.	Kuwat : <u>Ya</u> marep rana!				√	√	Perintah; interjeksi kata 'ya'
207.	Kukuh : <u>Ya</u> , aku <u>ki</u> mau nganggo klambine sapa?				√	√	Pemenggalan kata 'ya' dari kata 'iya'; interjeksi kata 'ki'
208.	Kuwat : Kowe <u>kok</u> marep rana tenan ki kepiye <u>ta</u> .				√	√	Interjeksi kata 'kok', 'ta'
209.	Kukuh : Hehehe...dadi nang kene ora muni <u>ya</u> ?				√	√	Interjeksi kata 'ya'
210.	Kuwat : Swarane <u>aduh</u> banget.				√	√	Interjeksi kata 'aduh'
211.	Kukuh : <u>La</u> iya diwujudke kae ketoke. <u>O</u> ... watuk <u>ta</u> , mangan lemah wae kowe rong hektar bablas.				√	√	Interjeksi kata 'la', 'o', 'ta'
212.	Kuwat : <u>Ya</u> efeke wong kesel iki.				√	√	Interjeksi kata 'ya'
213.	Kukuh : Nggragas kowe pirang-pirang dina.				√	√	Pelesapan unsur s yaitu ' Nggragas (P) kowe (O) pirang-pirang dina (K).'

214.	Kuwat	: <u>Wis</u> iki.				√	√	Pemenggalan kata 'wis' dari kata 'uwis'
215.	Kukuh	: <u>Adhuh</u> angine kleler-kleler, krasa e...				√	√	Interjeksi kata 'adhuh'
216.	Kuwat	: Awake dhewe iki ora jeneng kecanduan <u>ki</u> ora <u>ya</u> . Pancen sing jenenge balsem cap skorpio gambar kalajengking <u>ki</u> begitu ditamakake <u>ki</u> lelarane ilang.				√	√	Interjeksi kata 'ki', 'ya'
217.	Kukuh	: Ditamatke ora <u>sah</u> nganggo begitu. Kaya wong anak serdadu kowe <u>ki</u> .				√	√	Pemenggalan kata 'sah' dari kata 'usah'
218.	Kuwat	: Hehe...				√	√	Mengungkapkan senang
219.	Kukuh	: Sampeyan anak Suprat <u>ta</u> ? <u>Nek</u> aku anak Tomo.				√	√	Interjeksi kata 'ta', 'nek'
220.	Kuwat	: Kowe apa elik-elik kepiye <u>ta</u> . Ora ngenahi kebebasan ning liyan <u>ki</u> kepiye <u>ta</u> ? Saiki jaman merdhika <u>ki</u> sak uni-uni mbok men.				√	√	Interjeksi kata 'ta', 'ki'
221.	Kukuh	: <u>La ya</u> muni.				√	√	Interjeksi kata 'la', 'ya'
222.	Kuwat	: Waton aku ora ngunek-unekke bapakmu mbokmu <u>wis ta</u> .				√	√	Pemenggalan kata 'wis' dari kata 'uwis'; interjeksi kata 'ta'
223.	Kukuh	: Aku ming ngelingke, muni sak uni-unine aja ninggal etika, etik...				√	√	Nasihat kalau berbicara boleh bebas tetapi jang meninggalkan etika
224.	Kuwat	: Etik <u>ki</u> ning ngomah kit mau ora <u>sah</u> melu, muni ngana dak seneni karo si...				√	√	Interjeksi kata 'ki'; pemenggalan kata 'sah' dari kata 'usah'
225.	Kukuh	: Si Jos Bayan karo sapa kae?				√	√	Pertanyaan dengan nada bercanda
226.	Kuwat	: Statuse ora genah kae Bayan <u>ra</u> entuk <u>ta</u> ?				√	√	Pemenggalan kata 'ra' dari kata 'ora'; interjeksi kata 'ta'
227.	Kukuh	: Entuk wae, sing nyuwara kaya ngana nyakokake. Hehehe...				√	√	Menyatakan boleh melakukan sesuatu
228.	Kuwat	: Tak tonyo kowe, ndarani tenan ta malah.				√	√	Menggunakan bahasa yang kasar yaitu pada kata 'tak tonyo'
229.	Kukuh	: <u>Ehg...</u>				√	√	Interjeksi kata 'egh'
230.	Kuwat	: Kowe butuh mari ora?				√	√	Pertanyaan menggunakan bahasa ngoko karena lawan tutur adalah teman dekat
231.	Kukuh	: Heeh mari.				√	√	Jawaban dari pertanyaan
232.	Kuwat	: Jebul ora ming balseme <u>ya</u> ?				√	√	Interjeksi kata 'ya'; pertanyaan
233.	Kukuh	: Heeh.				√	√	Jawaban

234.	Kuwat	: Minyak putihe barang.				√	√	Pernyataan
235.	Kukuh	: Komplit sing jenenge skorpio, waton weruh kelip-kelip kelibete kalajengking ngene iki <u>wis</u> kaya ngana.				√	√	Pemenggalan kata ‘wis dari kata ‘uwis’
236.	Kuwat	: Kowe muni komplit <u>ki</u> mbok sing tenanan <u>ta</u> <u>ya</u> .				√	√	Interjeksi kata ‘ta’, ‘ya’
237.	Kukuh	: <u>Ya</u> komplit tenanan <u>ta</u> jebul.				√	√	Interjeksi kata ‘ya’, ‘ta’
238.	Kuwat	: Werna pira <u>ta</u> tunggale balsem cap skorpio <u>ki</u> ?				√	√	Interjeksi kata ‘ta’, ‘ki’
239.	Kukuh	: Iya karo abang, ijo rada panas, abang panas banget, parem cap skorpio.				√	√	Pernyataan
240.	Kuwat	: <u>O</u> ...kuwi balseme?				√	√	Interjeksi kata ‘o’
241.	Kukuh	: Heeh.				√	√	Menyatakan mengerti
242.	Kuwat	: Sing gambare Mlati kae apa jenenge?				√	√	Pertanyaan
243.	Kukuh	: Parem.				√	√	Jawaban
244.	Kuwat	: Parem?				√	√	Pertanyaan
245.	Kukuh	: Jenenge persasar Raja obat gosok Cap skorpio <u>ki</u> werna telu.				√	√	Pernyataan; interjeksi kata ‘ki’
246.	Kuwat	: Loro, telu, <u>la</u> minyak kayu putihe?				√	√	Interjeksi kata ‘la’
247.	Kukuh	: <u>La</u> iya kuwi minyak kayu putih, minyak telon, telon kanggo bocah. Supri ditelon mecicil wae. <u>O</u> ... jebul kleru ndek bocah <u>ya</u> ora temama dekne <u>nek</u> ora dibodhem. Hehehe....				√	√	Interjeksi kata ‘la’, ‘o’, ‘ya’, ‘nek’
248.	Kuwat	: <u>La</u> ketontoran minyak telon kuwi, telon wong gedhe kuwi.				√	√	Interjeksi kata ‘la’
249.	Kukuh	: Rupamu... tinggalane wong tuwa. <u>La</u> kuwi bener ngomong sak karepe dhewe waton ora ninggal tata karma.				√	√	Interjeksi kata ‘la’
250.	Kuwat	: Heeh.				√	√	Menyatakan mengerti
251.	Kukuh	: Wong ngomong sak karepe dhewe ninggal tata karma iki gawe keresahan <u>ki</u> nambahi bebane para kewajiban-kewajiban sing gawe katantramaning nagara.				√	√	Interjeksi kata ‘ki’
252.	Kuwat	: <u>Ya</u> sing mesthi awake dhewe kudu sing eling.				√	√	Pemendekan kata ‘ya’ dari kata ‘iya’
253.	Kukuh	: Eling.				√	√	Mengulangi ucapan temannya
254.	Kuwat	: Senajan bola-bali awake dhewe <u>ki</u> matur ngana kuwi.				√	√	Interkesi kata ‘ki’
255.	Kukuh	: <u>Piye</u> ?				√	√	Pemenggalan kata ‘piye’ dari kata ‘kepiye’

256.	Kuwat : <u>Nek</u> awake dhewe ora waspada, eling ngana <u>ki</u> ndak mangka siji loro telu papat sue-sue <u>ki nek</u> kabeh okeh sing eling <u>ki</u> lingkungane awake dhewe tentrem.				√	√	Interjeksi kata ‘nek’, ‘ki’; nasihat agar tetap waspada
257.	Kukuh : Tentrem...				√	√	Mengulangi ucapan temannya
258.	Kuwat : Ora <u>sah</u> ndadak ngaturi petugas kene dijaga! Ngana <u>ta</u> ?				√	√	Pemenggalan kata ‘sah’ dari kata ‘usah’; interjeksi kata ‘ta’
259.	Kukuh : <u>La</u> iya ngana kuwi awake dhewe melu...ndherek ngenteng-ngenteng <u>le</u> bebaning petugas lan kuwi kawajiban dhewe. Urip <u>ki</u> butuh apa <u>ta</u> ?				√	√	Interjeksi kata ‘la’, ‘le’, ‘ki’, ‘ta’
260.	Kuwat : Tentrem.				√	√	Jawaban dari pertanyaan
261.	Kukuh : <u>La</u> iya tentrem.				√	√	Interjeksi kata ‘la’
262.	Kuwat : Tentrem karo mangan jane, tentrem banget ora mangan <u>ya</u> malah...				√	√	Interjeksi kata ‘ya’
263.	Kukuh : <u>Isa</u> dadi geger kuwi. Wong urip <u>ki njur</u> muni ngelih.				√	√	Pemenggalan kata ‘isa’ dari kata ‘bisa’, ‘ki’ dari kata ‘iki’, ‘njur’ dari kata ‘banjur’
264.	Kuwat : Iya-iya.				√	√	Menyatakan mengerti
265.	Kukuh : Ngelih tur duwe kepinginan ora kelakon. Aku <u>isa</u> ndadekake geger, ning <u>nek</u> duwe kepinginan <u>ya</u> kelakon ora ngelih apa metune rada patut. He nglantur singsot.				√	√	Pemenggalan kata ‘isa’ dari kata ‘bisa’, ‘ya’ dari kata ‘iya’; interjeksi ‘nek’
266.	Kuwat : Iya.				√	√	Menyatakan mengerti
267.	Kukuh : Iya tengara <u>kok nek</u> arep nglirik-nglirik. <u>Wah</u> sesuk arep tak sauté ora ana.				√	√	Interjeksi kata ‘kok’, ‘nek’, ‘wah’
268.	Kuwat : Ning aku panandange bandarane awake dhewe.				√	√	Pernyataan
269.	Kukuh : Contone ana bocah kere.				√	√	Memberi contoh
270.	Kuwat : <u>Wo nek</u> kae <u>wis</u> temurun kae <u>kok</u> . Begawan bayi pancen tumurun.				√	√	Interjeksi kata ‘wo’, ‘nek’, ‘kok’; pemendekan kata ‘wis’ dari kata ‘uwis’
271.	Kukuh : <u>Ya</u> patut nggawa wilahan trus ditrap, kae isih sithik diwehne.				√	√	Pemendekan kata ‘ya’ dari kata ‘iya’
272.	Kuwat : Mulane mlebu neh <u>kok</u> untune <u>wis</u> ganti.				√	√	Interjeksi kata ‘kok’; pemendekan kata ‘wis’ dari kata ‘uwis’
273.	Kukuh : Hahaha...(karo watuk)				√	√	Menyatakan senang
274.	Kuwat : Sing tak kandakake ngana, penandange bandarane dhewe ndoro Asoka Wardhana iku <u>kok</u> ana-ana wae. Sithik-sithik nganggo njalur nglakone.				√	√	Interjeksi kata ‘kok’

275.	Kukuh : Heeh ning ngene jebulane piyayi becik <u>ki nek</u> seda <u>ki</u> piyayi saben krungu mbuh endi parane mbuh ning ngendi wae lenggahe mesthi kepengin ngormati sing keru dhewe.				√	√	Interjeksi ‘ki’, ‘nek’
276.	Kuwat : Kanthi layat.				√	√	Melanjutkan pernyataan
277.	Kukuh : <u>La</u> iku sing jenenge piyayi luhur, ora ming kadunyan wae ning mengko tekan akhir hayatnya iki bisa dadi gethuraning para piyayi-piyayi.				√	√	Interjeksi kata ‘la’
278.	Kuwat : Sampeyan <u>nek</u> macan ninggal lulang.	√			√		Interjeksi ‘nek’; peribahasa yaitu ‘macan ninggal lulang’ yang artinya seorang manusia jika ia meninggal akan diingat jasa-jasanya.
279.	Kukuh : Iya, gajah ninggal gading, <u>nek</u> dhewe ninggal utang sing tanpa <u>isa</u> disaur.	√			√		Interjeksi ‘nek’; pemenggalan kata ‘isa’ dari kata ‘bisa’; peribahasa ‘gajah ninggal gading’ yang artinya seorang manusia jika ia meninggal akan diingat jasa-jasanya.
280.	Kuwat : Sae kuwi mau <u>ya, nek wis</u> ninggal donya. <u>Ya</u> saiki bekerja...				√	√	Interjeksi kata ‘ya’, ‘nek’; pemenggalan kata ‘wis’ dari kata ‘uwis’
281.	Kukuh : <u>Ya</u> ayo.				√	√	Interjeksi kata ‘ya’
282.	Kuwat : <u>Yo...</u>				√	√	Menyatakan setuju
283.	Nr. : Cekap semanten para miyarsa, atur giyaran kethoprak Mataram kanthi lampahan Arya Batlawas seri 19. Disungsun saking PT Gemilang Sakti Farmindo ingkang mproduksi balsem, minyak parem, minyak kayu putih, lan minyak telon cap Skorpio gambar kalajengking. Sugeng pepisahan, mugi rahayu ingkang pinanggih. Nuwun.		√				Tuturan menggunakan bahasa krama yang digunakan oleh narator

Tabel 6. Ragam Bahasa pada Siaran Kethoprak Arya Batlawawa seri 20

No.	Tuturan pada Siaran Kethoprak Arya Batlawawa seri 20	Ragam Bahasa					Indikator
		B	F	U	S	I	
1.	Nr. : Nuwun para miyarsa, ngaturaken pambagya wilujeng. Sugeng pepanggihan kaliyan PT Gemilang Sakti Farmino kanthi produksinipun minyak kayu putih, minyak telon, balsam lan minyak parem cap skorpio gambar kalajengking. Wekdal menika sampun siyaga ngaturaken giyaran kethoprak mataram kanthi lampahan Arya Batlawawa seri 20. Para miyarsa, pendhapuk saha dhalang sedherek Sarjono, pranata Gendhing sedherek Jumidi, rinengga swantening waranggana nyi Wiratmi dalah nyi Suparmi, pangrebus suruh sedherek Suroso, geprak dipunasto sedherek Pairang, saha dipunsesepuhi sedherek Slamet KS. Para miyarsa, kepareng kula aturaken dhapukanipun para paraga : prabu Darmadewa katindakaken dening sedherek Paiman, patih Gangga dening sedherek Sukidal, sedherek Pairang dados Arya Batlawawa, N. Sugiarto dados resi Dyumna, Kukul katindakaken dening Ngabdul, Kuwat dening Poniman, sedherek Slamet KS dados prabu Asoka Wardhana, Bagong Sutrisno dados Radagupta, Dewi Tisaracita dening Suminten, Dewi Asandi Nitra katindakaken dening Sri Lestari, ingkang pungkasan sedherek sarjono dados Prajurit. Para miyarsa, PT Gemilang sakti Farmondo kanthi produksinipun balsam, minyak parem, minyak kayu putih, lan minyak telon cap skorpio gambar kalajengking ngaturaken sugeng midhangetaken.		√				Pembukaan disampaikan oleh narator dengan bahasa yang krama
2.	A. Batlawawa : Senopati Gangga!				√		Memanggil bawahannya dengan sebutan senopati karena untuk menghormati yang lebih tua
3.	Pt. Gangga : Kula sang senopati Batlawawa.				√		Menjawab panggilan dari atasan
4.	A. Batlawawa : Pancen wekdal sakmenika para Prajurit ing Kalingga tambahipun boten sekedhik, jalaran menapa kula pancen sengaja milih para nem-neman ingkang gadhah kidhepsa lan gadhah kuwani, lajeng kula gladhi olah kanuragan olah karidan, sakmenika sampun ketinggal trampil sedaya, nanging senopati Gangga kening menapa kok dados prabu Darmadewa dereng kepengin pangandikan supados ngluruh wonten ing nagari Magada.						Membicarakan masalah prajurit yang muda-muda yang akan dilatih; interjeksi kata 'kok'

5.	Pt. Gangga : Menika estunipun kados pundi?				√	Pertanyaan untuk memastikan sesuatu
6.	A. Batlawā : Nyuwun sewu panjenengan menika cinaket ingkang ngarsanipun paman prabu Darmadewa.				√	Perintah untuk medekat
7.	Pt. Gangga : Sang senopati Arya Batlawā.				√	Panggilan untuk atasannya
8.	A. Batlawā : Pripun?				√	Pertanyaan untuk menanyakan suatu hal
9.	Pt. Gangga : Inggih menika ingkang njenengan ngendikakaken ingkang dados pitaken wonten sak lebeting manah, para prajurit ingkang sami gladhen perang sampun sami saged kangge mbentengi nagari sepisan, ingkang kaping kalihipun tambahing para Senopati boten sekedhik wicalanipun, namung ingkang kula manah sang prabu Darmadewa menika sampun tigang pisowanan menika boten ngadhep wonten ngarsanipun sih Asoka Wardhana.			√		Membicarakan tentang prajurit yang dilantik perang dan membicarakan masalah raja lain yang sudah tiga pertemuan tidak datang
10.	A. Batlawā : <u>La</u> menika mesthi dados penggalihan.				√	Interjeksi kata 'la'
11.	Pt. Gangga : <u>Yen</u> mangke awakipun piyambak boten ngonjuk atur wonten ngarsanipun Sang Prabu Darmadewa.				√	Interjeksi kata 'yen'
12.	A. Batlawā : Menika mangke badhe bebayani tumrap kula lan panjenengan.				√	Pernyataan tentang bahaya
13.	Pt. Gangga : Menika pancen leres.				√	Membenarkan
14.	A. Batlawā : Awit boten sowanipun paman Prabu Darmadewa wonten ing Magada menika tamu kemawon dados penggalhipun Narendra ing Magada mangke menawi piyambakipun menika boten nrimahaken lajeng dhawuh prajurit ndhatengi wonten ing Kalingga. Panjenengan lan para Senopati ing Kalingga iki badhe kapitutan Senopati.			√		Membicarakan masalah tidak datangnya raja dalam pertemuan raja-raja
15.	Pt. Gangga : Menapa sak menika awake piyambak ngadhep matur.				√	Meminta izin untuk menghadap
16.	A. Batlawā : Ngersakaken dalem.				√	Mempersilakan izin
17.	P. Darmadewa : Bapa Dyumna!				√	Memanggil bawahannya tetapi menggunakan kata 'bapa' karena menghormati yang lebih muda
18.	R. Dyumna : Nuwun dhawuh timbalan.				√	Menjawab panggilan
19.	P. Darmadewa : Panjenengan priksa piyambak menika ragyang patih Gangga kaliyan putra keponakan kula senopati arya Batlawā sampun samiya. Hahaha...nangkil wonten ing Pisowanan.				√	Membicarakan masalah pertemuan dengan raja-raja
20.	R. Dyumna : Inggih.				√	Menyatakan mengerti

21.	P. Darmadewa : Kula aturi.				√	Izin memberi nasihat
22.	R. Dyumna : Sendika...				√	Meyanggupi
23.	P. Darmadewa : Arya Batlawa!				√	Memanggil keponkanya hanya dengan nama
24.	A. Batlawa : Nuwun kula paman prabu.				√	Menjawab panggilan dengan sopan karena lawan tutur adalah pamannya yang sekaligus raja
25.	P. Darmadewa : Sajak <u>wis</u> sawetara kowe ana ing pendhapa Kalingga iki.				√	Pemendekan kata 'wis' dari kata 'uwis'
26.	A. Batlawa : Pancen sampun radi sawetawis kula nenggo rawuh dalem kaliyan ragyang patih Gangga, paman.				√	Membicarakan masalahpatihnya yang belum datang
27.	P. Darmadewa : Aja kleru penampamu, aja dianggep aku ora nggatekake marang kang padha sowan, nanging aku pancen merlukake mriki kahanan bebarengan dhawuh bapa Dyumna kuwi cocok apa ora karo konjuk palaporanmu karo dina kang wus kapungkur, senadyan kaya ngana Batlawa aku pengin mundhut priksa marang kowe.				√	Menyatakan kesal tentang pertemuan raja-raja dan meminta pendapat keponakannya
28.	A. Batlawa : Inggih.				√	Menyatakan mengerti
29.	P. Darmadewa : Dhawuhku marang kowe kabeh.				√	Mau menyampaikan nasihat
30.	A. Batlawa : Sampun kula tindakaken marga sakmenika tambahing prajurit kathah lan sampun dipungladhi olah kanuragan sakwanci-wanci paman Prabu Darmadewa ndhawuhaken supados ngluruh wonten nagari ing Magada sampun boten badhe titi wanci.				√	Membicarakan prajurit yang semakin bertambah
31.	P. Darmadewa : Bapa Dyumna!				√	Memanggil hanya dengan nama
32.	R. Dyumna : Nuwun dhawuh timbalan dalem.				√	Menjawab panggilan
33.	P. Darmadewa : Panjenenganipun bapa Dyumna mireng piyambak laporanipun Arya Batlawa kados ngaten.				√	Mempertanyakan lapon yang diberikan keponakannya
34.	R. Dyumna : Sampun.				√	Menyatakan mengerti
35.	P. Darmadewa : Sak lajengipun bapa Dyumna sarehning boten wonten tiyang sanes ingkang dados supados damel prayogining lampah damel kuncaraning asma kula, anggen kula jumeneng wonten ing Kalingga mriki, prayogining sak lajengipun kados pundi bapa Dyumna?				√	Menanyakan masalah tentang kedudukan raja di kerajaan Kalingga
36.	R. Dyumna : Tetela manut aturipun ingkang putra keponakan, menawi				√	Membicarakan prajurit yang sudah kuat

	kekiyataning prajurit Kalingga sampun saestu kuat tinimbang mangke Kalingga menika dipunrakasa dening prajurit Magada. Awit sampun siyang pisowanan menyang dalem boten suh.						
37.	P. Darmadewa : Hahaha....				√		Menyatakan perasaan senang
38.	R. Dyumna : Tinimbang awake piyambak kalah rumiyin, langkung prayogi <u>kok</u> ngrumiyini benjang sak menika ngantosi manapa.				√		Interjeksi kata 'kok'
39.	P. Darmadewa : Bapa gadhah prentah langkung prayogi mrabasing perang wonten ing Magada.				√		Memerintah untuk menyerang kerajaan Magada
40.	R. Dyumna : Inggih sang prabu.				√		Menyatakan mengerti
41.	P. Darmadewa : Inggih inggih. Gangga !				√		Menyatakan mengerti
42.	Pt. Gangga : Paring dhawuh sang prabu Darmadewa.				√		Menjawab panggilan
43.	P. Darmadewa : Lan kowe Arya Batlawa!				√		Memanggil
44.	A. Batlawa : Inggih.				√		Menjawab panggilan
45.	P. Darmadewa : Panggalihe bapa Dyumna kaya ngana. Aku diprayogakake ning becik mrabasing perang ana ing Magada tinimbang ing Kalingga kene dadi ajang peperangan.				√		Membicarakan masalah penyerangan prajurit ke kerajaan Kalingga
46.	R. Dyumna : Inggih.				√		Menyatakan mengerti
47.	P. Darmadewa : Apa pancen sekirane kabeh prajurit lan senopati ing mriki Kalingga.				√		Menanyakan prajurit
48.	A. Batlawa : Kados atur kula ing ngajeng sampun boten wonten ingkang nglewakaken dhateng kewajibanipun piyambak-piyambak paman prabu.				√		Membicarakan kewajiban di dalam kerajaan
49.	P. Darmadewa : <u>Yen</u> pancen kaya ngana dhawuhku marang kowe sakloron siyagakna prajurit. Siyaga ing ngayuga. Aku <u>ki</u> kang bakal mandigani maju perang ngluru ana ing Magada.				√		Interjeksi kata 'yen'; pemendekan kata 'ki' dari kata 'iki'
50.	R. Dyumna : Sampeyan dalem piyambak ingkang mandigani.				√		Menyatakan kekuatan
51.	P. Darmadewa : Uwis <u>ben</u> padha guna.				√		Interjeksi kata 'ben'
52.	R. Dyumna : Inggih sendika prabu.				√		Menyatakan mengerti
53.	Kuwat : Ngene <u>ki</u> nggremet <u>ya</u> mundhak dhewe pangkate awake dhewe <u>ya</u> .				√	√	Interjeksi kata 'ki', 'ya'
54.	Kukuh : Aku <u>ki</u> Letnan kolonyet.				√	√	Interjeksi kata 'ki'
55.	Kuwat : <u>La</u> mulakna diusek-usekna ning rai.				√	√	Interjeksi kata 'la'
56.	Kukuh : Hehehe...				√	√	Menyatakan senang

57.	Kuwat	: Ning sing jenenge <u>yen</u> abdi saiki prajurit ngana <u>ki</u> gedhe tanggung jawabe saiki <u>lo</u> .					√	Interjeksi kata ‘yen’, ‘ki’, ‘lo’
58.	Kukuh	: Aku duwe supir-supir. Supir-supir <u>ki</u> kira-kira sing kereng tak ganti.					√	Interjeksi kata ‘ki’
59.	Kuwat	: Gedhe... nggolek sing rada gendheng. Hahaha... sing kira-kira supire <u>ki isa</u> karo wong omah <u>ki</u> ora cobloko.					√	Interjeksi kata ‘ki; pemenggalan kata ‘isa’ dari kata ‘bisa’
60.	Kukuh	: Heeh...					√	Menyatakan senang
61.	Kuwat	: <u>Isa</u> dijak slingkuh ngana <u>pa piye</u> ?					√	Pemenggalan kata ‘isa’ dari kata ‘bisa’, ‘pa’ dari kata ‘apa’, ‘piye’ dari kata ‘kepiye’
62.	Kukuh	: <u>Ya</u> ora, sing utama sing gelem momong, saru barang kae dadi awake dhewe kanggo pelampiasan.					√	Pemendekan kata ‘ya’ dari kata ‘iya’
63.	Kuwat	: Hahaha...jane saru <u>ki</u> ora apik.				√	√	Interjeksi kata ‘ki’; menyatakan senang
64.	Kukuh	: Saru ning...saru ning priyagung <u>ki lo</u> panjenengan ndegleng saestu.				√	√	Interjeksi kata ‘ki’, ‘lo’
65.	Kuwat	: Hahaha... kasar-kasare priyayi ning ngendika kuwi kasar <u>ya</u> ?				√	√	Interjeksi kata ‘ya’; membicarakan priyayi yang berbicara kasar
66.	Kukuh	: <u>La</u> iya ndegleng saestu. Benjing anggenipun badhe ucul-ucul ageman ketoke kaya alus, ning upama dionceki <u>wah</u> ...tenan-tenan bakal marani.				√	√	Interjeksi kata ‘la’
67.	Kuwat	: Wus sampun nglegena.				√	√	Tuturan tidak sopan karena lawan tutur adalah teman dekat
68.	Kukuh	: <u>Wah</u> ...Hahaha... mbok menika tohipun boten dipunketingal ngoten.				√	√	Interjeksi kata ‘wah’
69.	Kuwat	: Menika sanes toh, menika panu.				√	√	Pernyataan
70.	Kukuh	: Hahaha... ngana kuwi.				√	√	Menyatakan senang tapi mengejek
71.	Kuwat	: <u>Nek</u> toh <u>rak</u> abang, <u>nek</u> kuwi <u>rak</u> pethak <u>ta</u> ?				√	√	Interjeksi kata ‘nek’, ‘rak’, ‘ta’
72.	Kukuh	: Hahaha... kuwi dudu toh ning keong				√	√	Menyatakan ejekan
73.	Kuwat	: <u>La nek</u> iki tapel wates semanggada <u>ya</u> ?				√	√	Interjeksi kata ‘la’, ‘nek’, ‘ya’
74.	Kukuh	: Hoooh karo maduda, karo Madiman biyen.				√	√	Pernyataan
75.	Kuwat	: Sui-sui aku karo kowe <u>kok</u> mangkeli.				√	√	Menyatakan perasaan jengkel; interjeksi kata ‘kok’
76.	Kukuh	: <u>Wis</u> tepung karo prajurit suroso kae?				√	√	Pemendekan kata ‘wis’ dari kata ‘uwis’
77.	Kuwat	: <u>Wis</u> , ora nggeguyu.				√	√	Pemendekan kata ‘wis’ dari kata ‘uwis’;

							tuturan berupa pertanyaan
78.	Kukuh	: Disampluk kopor <u>lo, ta</u> ngarani wit asem nang kana <u>ta</u> ?			√	√	Interjeksi kata 'lo', 'ta'
79.	Kuwat	: Biyen mlebanan anyar trus diluruge <u>kok</u> .			√	√	Interjeksi kata 'kok'
80.	Kukuh	: Hooh...			√	√	Menyatakan mengerti
81.	Kuwat	: Diluruge ning gudhang beras ngana mingan.			√	√	Pernyataan tentang gudang beras
82.	Kukuh	: Barang ning gudhang beras dekne ora wani nggawa senjata tajam.			√	√	Pernyataan tentang bsrng di dalam gudang
83.	Kuwat	: Sing bujel-bujel kae sing <u>nggo</u> ngubengke.			√	√	Pemendekan kata 'nggo' dari kata nganggo
84.	Kukuh	: <u>La</u> ora temama, marakake ngendokake, ngencengke. Ngendokake ngencengke...seneng aku.			√	√	Interjeksi kata 'la'
85.	Kuwat	: Lah <u>ya</u> seneng prajurit.			√	√	Interjeksi kata 'lah'; pemendekan kata 'ya' dari kata 'iya'
86.	Kukuh	: <u>La</u> iya.			√	√	Interjeksi kata 'la'
87.	Kuwat	: <u>Nek</u> kowe dadi prajurit rung tau bayaran <u>ya</u> ?			√	√	Interjeksi kata 'nek', 'ya'
88.	Kukuh	: Urung, <u>ki</u> gek dicoba <u>kok</u> .			√	√	Interjeksi kata 'ki', 'kok'
89.	Kuwat	: Dirangsum ning soto, soto <u>ngge</u> rebutan.			√	√	Pemendekan kata 'ngge' dari kata ngangge
90.	Kukuh	: Telung atus ning ora <u>nggo</u> wedang.			√	√	Pemendekan kata 'nggo' dari kata nganggo
91.	Kuwat	: Soto <u>nek</u> diremrem sithik bakale telu.			√	√	Interjeksi kata 'nek'
92.	Kukuh	: Telu cilik-cilik <u>dha</u> rayahan.			√	√	Pemendekan kata 'dha' dari kata 'padha'
93.	Kuwat	: Wong <u>ki</u> mundhak pangkate mundhak <u>anu...</u> (karo mikir) gedhe tanggung jawabe.			√	√	Interjeksi kata 'ki'; pemanjangan nada kata pada kata 'anu'
94.	Kukuh	: Tanggung jawabe.			√	√	Melanjutkan tuturan temannya
95.	Kuwat	: Cilik-cilik kaya dene nabuh kuwi <u>ya</u> ?			√	√	Tuturan merupakan pertanyaan; interjeksi kata 'ya'
96.	Kukuh	: Heeh.			√	√	Menyatakan mengerti
97.	Kuwat	: Nabuh gendhang karo gender, karo nabuh gong ngana <u>ki wis</u> beda-beda.			√	√	Interjeksi kata 'ki'; pemenggalan kata 'wis' dari kata 'uwis'

98.	Kukuh : Aku wingi ditabuh kancaku <u>gur</u> ngomongke sapa-sapa dadi perkara jane <u>piye</u> si anu...ngoceh <u>ta</u> ?				√	√	Pemendekan kata 'gur' dari kata 'ugur'; interjeksi kata 'ta'
99.	Kuwat : <u>La</u> kowe ora bisa nyimpen wadining liyan.				√	√	Interjeksi kata 'la'
100.	Kukuh : <u>La</u> tabuh aku.				√	√	Interjeksi kata 'la'
101.	Kuwat : Mulakna ana tembung sedulur sinoroh wadi, tegese <u>ki</u> kuwi <u>isa</u> ...				√	√	Interjeksi kata 'ki', pemendekan kata 'isa' dari kata 'bisa'
102.	Kukuh : Wadine <u>ya</u> wadiku.				√	√	Pemenggalan kata 'ya' dari kata 'iya'
103.	Kuwat : Heeh...ora <u>kok</u> <u>njur</u> malah ditabuh sapa-sapa <u>njur</u> ...ning kene <u>ki</u> ora ana sing mulus.				√	√	Interjeksi kata 'kok'; pemenggalan kata 'njur' dari kata 'banjur', 'ki' dari kata 'iki'
104.	Kukuh : Sapa awake dhewe saiki.				√	√	Pertanyaan tentang dirinya dan temannya
105.	Kuwat : Kukuh... <u>ki</u> ora awake dhewe kukuh karo kuwat.				√	√	Interjeksi kata 'ki'
106.	Kukuh : Prajurit Letnan kolonel <u>ta</u> ?				√	√	Interjeksi kata 'ta'; tuturan merupakan pertanyaan
107.	Kuwat : Kowe pangkat <u>ya</u> <u>mung</u> ngarani dhewe, ora diparingi saka atasan.				√	√	Pemenggalan kata 'ya' dari kata 'iya', 'mung' dari kata namung
108.	Kukuh : Ning iki kaya wong ngimpi <u>kok</u> .				√	√	Interjeksi kata 'kok'
109.	Kuwat : Sak jane awake dhewe <u>ki</u> uwis entuk nggawa bedhil, <u>lha</u> wong dhewe isih nggawa biting ngana iki <u>kok</u> .				√	√	Interjeksi kata 'ki', 'kok', 'lha'
110.	Kukuh : Apa prajurit <u>kok</u> nyoblosi sapa-sapa.				√	√	Interjeksi kata 'kok'
111.	Kuwat : Ning mungkus awake dhewe <u>ki</u> .				√	√	Pemendekan kata 'ki' dari kata 'iki'
112.	Kukuh : Prajurit niki mungkus malih setunggal <u>ya</u> ora nana <u>ko</u> jebul iki ana petis ning...				√	√	Interjeksi kata 'ya', 'kok'
113.	Kuwat : Magada?				√	√	Pertanyaan
114.	Kukuh : Magada ana sak pinggire kali Mahadi.				√	√	Pernyataan
115.	Kuwat : Kali Wanadin <u>kok</u> <u>piye</u> .				√	√	Interjeksi kata 'kok'; pemendekan kata 'piye' dari kata 'kepiye'
116.	Kukuh : Prajurit ora apalan.				√	√	Pernyataan
117.	Kuwat : Apa mau?				√	√	Pertanyaan

118.	Kukuh	: Mahadi.				√	√	Jawaban
119.	Kuwat	: Mahadi? Sepi <u>ya</u> ? Awake dhewe <u>ki</u> golek sisik melik				√	√	Pertanyaan tentang rasa sepi; interjeksi kata 'ki'
120.	Kukuh	: Heeh...				√	√	Menyatakan mengerti
121.	Kuwat	: Dadi golek mata pito. Sapa sing arep mlebu Kraton Magada awake dhewe wajib nyuberi kowe arep ngapa? Saka ngendi?				√	√	Pertanyaan menanyakan siapa yang masuk di krato Magada
122.	Kukuh	: Methuk wong <u>kok</u> ora mripate nganggo sisik.				√	√	Interjeksi kata 'kok'; tutran merupakan jawaban
123.	Kuwat	: Mata pito.				√	√	Jawaban
124.	Kukuh	: Mata kasek.				√	√	Jawaban
125.	Kuwat	: Kudu ditakoni.				√	√	Perintah untuk menanyakan
126.	Kukuh	: Cekel.				√	√	Perintah untuk membawa
127.	Kuwat	: Ning kene wong wedok sing arep nganu...wong wedok sing arep mlebu trus diwei minyak kayu putih.				√	√	Penjelasan
128.	Kukuh	: Ora gelem ngaku aduk kula panjenengan nakokaken. Menenga wae kowe mesthi mata pita, <u>nek</u> <u>wis</u> tak blonyo ngene <u>ki</u> mesthi kowe bakal cilaka mata pita seko ngendi.				√	√	Interjeksi kata 'nek'; pemendekan kata 'wis' dari kata 'uwis', 'ki' dari kata 'iki'
129.	Kuwat	: Kowe arep ngapa?				√	√	Pertanyaan
130.	Kukuh	: Heeh kowe arep ngapa?				√	√	Pertanyaan
131.	Kuwat	: Awakmu <u>wis</u> sehat <u>wis</u> <u>isa</u> ngadeg.				√	√	Pemenggalan kata 'wis' dari kata 'uwis', 'isa' dari kata 'bisa'
132.	Kukuh	: Cetha.				√	√	Menyatakan mengerti
133.	Kuwat	: Senajan mungsuh digawe sehat.				√	√	Nasihat untuk menghadapi musuh secara sehat
134.	Kukuh	: Sehat <u>sik</u> .				√	√	Pemenggalan kata 'sik' dari kata 'dhisik'
135.	Kuwat	: Ben <u>le</u> omong <u>ki</u> teteh.				√	√	Interjeksi kata 'le', 'ki'
136.	Kukuh	: Proses verbale <u>ra</u> genah ngana.				√	√	Pemenggalan kata 'ra' dari kata 'ora'
137.	Kuwat	: Heeh pancen sing jenenge minyak kayu putih <u>ki</u> nggo nyehatke <u>kok</u> . Wong masuk angin <u>isa</u> ilang angine, wong njebebeg ilang njebebege..				√	√	Interjeksi kata 'ki', 'kok'; perpendekan kata 'isa' dari kata 'bisa'

138.	Kukuh	: Kuwi sesuk <u>wis</u> ana bar sekaten cok njebebeg <u>ya</u> ?				√	√	Pemenggalan kata 'wis' dari kata 'uwis'; interjeksi kata 'ya'
139.	Kuwat	: <u>Ya wis</u> bubar ora njebebeg wis dipepe, beda karo sing minyak kayu telone.				√	√	Pemenggalan kata 'ya' dari kata 'iya', 'wis' dari kata 'uwis'
140.	Kukuh	: Telon kanggo bocah.				√	√	Menegaskan
141.	Kuwat	: Heeh kanggo bocah.				√	√	Menegaskan
142.	Kukuh	: Oek...oek... telon trus mingklik-mingklik gambar Kalajengking, skorpio <u>ta</u> ?				√	√	Interjeksi kata 'ta'
143.	Kuwat	: Kepala njidhit kae ketok.				√	√	Penjelasan
144.	Kukuh	: Ning <u>nek</u> prajurit <u>kok</u> ngopeni bocah. Apa methuke mungsuhe karo balawan <u>kok</u> isih ngopeni bocah mbarang. Kuwi awake dhewe dudu pramuwisma.				√	√	Interjeksi kata 'nek', 'kok'
145.	Kuwat	: Prajurit <u>ki ya</u> manungsa karo bocah kudu sing nganu...kudu diayomi.				√	√	Interjeksi kata 'ki', 'ya'
146.	Kukuh	: Ora dadi nyingkirke...ana prajurit disingkirke.				√	√	Membicarakan tentang prajurit dengan suasana santai
147.	Kuwat	: Diayomi! <u>Kok</u> disingkirke.				√	√	Interjeksi 'kok'
148.	Kukuh	: Dadi awake dhewe dhungkluk.				√	√	Penjelasan
149.	Kuwat	: Sing jenenge ngayomi <u>ki</u> ora didhengkluki, digawe tentrem.				√	√	Interjeksi kata 'ki'
150.	Kukuh	: O...				√	√	Interjeksi kata 'o'
151.	Kuwat	: Men slamet, men ora kena bahaya.				√	√	Member penjelasan
152.	Kukuh	: O...				√	√	Interjeksi kata 'o'
153.	Kuwat	: Sampeyan ngerti ora bahaya kuwi.				√	√	Pertanyaan
154.	Kukuh	: Bahaya kelaparan...hehehe...				√	√	Menanggapi pernyataan
155.	Kuwat	: Bahaya <u>ki</u> warna-werna.				√	√	Interjeksi kata 'ki'
156.	Kukuh	: Ana bahaya alam, gunung merapi dor.				√	√	Menjelaskan tentang jenis bahaya
157.	Kuwat	: Bahaya saka mungsuh.				√	√	Meneruskan pembicaraan temannya
158.	Kukuh	: <u>La</u> mungsuh, bahayane wong sing kudu dislametke <u>kok</u> bocah cilik mbok sesuk <u>ki</u> bakal golek kawruh sing pinter iki <u>ki</u> ana sajroning bahaya.				√	√	Interjeksi kata 'la', 'kok', 'ki'
159.	Kuwat	: Sik <u>kok</u> ana irit-iritan ning prajurit akeh banget.				√	√	Interjeksi kata 'kok'
160.	Kukuh	: <u>Lo</u> endi <u>ta</u> ?				√	√	Interjeksi kata 'lo', 'ta'
161.	Kuwat	: <u>Lah</u> ...kae prajurit saka ngendi <u>ta</u> ?				√	√	Interjeksi kata 'lah', 'ta'

162.	Kukuh	: Ditakoni kae.					√	Pelesapan unsur S dan K yaitu 'ditakoni (P) kae (O)
163.	Kuwat	: <u>Kok wis</u> gawe rusak <u>lo</u> .					√	Interjeksi kata 'kok', 'lo'
164.	Kukuh	: Obong-obongi <u>e...</u> ning sisih kidul sing diobong.					√	Interjeksi kata 'e'
165.	Kuwat	: Obong-obong ora obong-obongi. Obong-obongi beda. Obong-obongi <u>ki</u> kaya wiwit.					√	Interjeksi kata 'ki'; pengulangan kata pada kata 'obong-obong'
166.	Kukuh	: <u>We lah</u> kabeh kae.					√	Interjeksi kata 'we', 'lah'
167.	Kuwat	: <u>Lapor ki</u> awake dhewe.					√	Pemenggalan kata 'ki' dari kata 'iki'
168.	P. Asoka W.	: Dhiajeng Tisarakcita!					√	Panggilan hanya menyebutkan nama karena memanggil istrinya
169.	D. Tisarakcita	: Inggih nuwun kula sang prabu.					√	Menyatakan setuju
170.	P. Asoka W.	: Apadene dhiajeng Asandi Nitra.					√	Menyatakan perintah untuk agar mau mengemukakan pendapat
171.	D. Asandi N.	: Nuwun inggih kula sang prabu.					√	Menyatakan setuju untuk member pendapat
172.	P. Asoka W.	: Sliramu sakloron kaya pamundhute swargi rama prabu Bindusara supaya padha rukun nyengkuyun nggone ing sun jumeneng narendra ana ing Negara Magada iki.					√	Nasihat agar kedua istrinya rukun
173.	D. Tisarakcita	: <u>Ehg...</u> sang prabu sampun wola-wali kula matur wonten ngera sampeyan. Sekedhik kemawon boten wonten raos srumpiking manah kula. Sampeyan dalem mundhut garwo dhiajeng Asandi Nitra, jalaran kula piyambak ugi ngrumaosi bilih kula boten saged peputra. Pramila saestu kula kaliyan dhiajeng Asandi Nitra menika tresna mug i badhe rukun kemawon boten badhe menapa-menapa sinuwun.					√	Interjeksi kata 'egh' yang menyatakan bujukan
174.	P. Asoka W.	: Iya iya...					√	Menyatakan mengerti
175.	D. Asandi N.	: Leres sedaya ingkang dipunngendikaken kang mbok Tisarakcita sang prabu. Semanten ugi manah kula sekedhik kemawon inggih boten wonten raos rumpik menika babar pisan boten, ning ingkang wonten raos gembira, rukun boten wonten raos boten sekeca, sinuwun...					√	Mengungkapkan rasa gembira dan tidak adanya rasa tidak enak
176.	P. Asoka W.	: <u>Ya</u> ing sun nedha nrima marang sira sakloron. Awit rukune sakloron bakal njalari kekuatan ingkang anggen ing sun ngasta prajaning praja Magada saya					√	Pemenggalan kata 'ya' dari kata 'iya'

	megada-gada.						
177.	D. Asandi N. : Inggih.				√		Menyatakan mengerti
178.	P. Asoka W. : Radagupta!				√		Memanggil
179.	S. Radagupta : Nuwun paring dhawuh dalem sang prabu Asoka wardhana.				√		Meminta izin menghadapa kepada atasannya
180.	P. Asoka W. : Rehning sawetara wektu sakwise rama prabu Bindusara muruding kasidan jati.				√		Membicarakan mundurnya prabu Bindusara
181.	S. Radagupta : Inggih.				√		Menyatakan mengerti
182.	P. Asoka W. : Ingsun saiki ingkang jumeneng narendra ana ing Magada. Sira jejering Senopati Agung Magada. Ingsun kepingin unine kepiye Negara-negara reh praja Magada kang padha ngayom menyang Negara ing Magada ing Magada tekan titi wektu iki. Apa ya isih padha tetep setya tuhu. Apa <u>wis kang</u> bakal wani mrengkah marang panguasa ing sun ing Magada, Radagupta?			√	√		Pemendekan kata 'wis' dari kata 'uwis', 'kang' dari kata 'ingkang'; membicarakan masalah kerajaan Magada yang berkuasa
183.	S. Radagupta : Inggih, kepareng konjuk sang prabu Asoka Wardhana. Perkawis raja-raja tetangga menika sedya setya wonten ngera dalem, namung wonten salah satunggiling ing praja ingkang sampun wonten tigang pisowanan menika boten ketinggal sowan wonten ngera dalem.				√		Membicarakan masalah tentang kerajaan tetangga yang salah satunya tidak datang selama tiga pertemuan
184.	P. Asoka W. : Narendra saka ngendi kuwi Radagupta?				√		Pertanyaan tentang kerajaan yang tidak hadir
185.	S. Radagupta : Sang prabu Darmadewa saking Kalingga.				√		Pertanyaan
186.	P. Asoka W. : Darmadewa? Kalingga?				√		Pertanyaan
187.	S. Radagupta : Inggih.				√		Menyatakan mengerti
188.	D. Tisarakcita : Punten dalem sewu sang prabu.				√		Permintaan izin
189.	P. Asoka W. : Dhiajeng Tisarakcita.				√		Memanggil nama dengan sebutan 'dhiajeng' untuk menghargai istrinya
190.	D. Tisarakcita : Perkawis menika kedah dipunpenggalih ingkang kanthi lebet, jalaran boten sowanipun sang prabu Darmadewa ing Kalingga menika dadosaken tuladha ingkang boten sae ing praja-praja alit sanesipun. Pramila <u>yen</u> wonten kedadosan ngoten menika prayoginipun kedah dipungebak perang, jalaran ngoten menika ngremehaken panguasa dalem wonten ing Magada mriki Sang Prabu.			√	√		Interjeksi kata 'yen'; membicarakan masalah kerajaan yang tidak baik dijadikan contoh

191.	P. Asoka W. : Hegh...				√	Interjeksi kata 'hegh' yang merupakan ungkapan keluhan
192.	D. Asandi N. : Nuwun sewu. Kepareng kula matur sang prabu.				√	Permintaan izin untuk ikut serta berembug masalah kerajaan
193.	P. Asoka W. : Iya dhiajeng Asandi Nitra ingsun keparengake sira uga melu rawe-rawe urun rembug ing perkara iki. Keping dhiajeng Asandi Nitra?				√	Perintah untuk ikut serta membicarakan masalah kerajaan
194.	D. Asandi N. : Prayoginipun sinaosa sampun tigang pisowanan sang prabu Darmadewa manika boten sowan. Nuwun sewu, prayoginipun dipuntakenaken langkung rumiyin sampun lajeng panjenengan gebak perang wonten ing Kalingga. Ning prayoginipun dipuntresih langkung rumuyin mbok menawi wonten perkawis menapa kok boten sowan ngantos tigang pisowanan.			√		Membicarakan masalah tentang prabu Darmadewa yang selama tiga pertemuan tidak pernah hadir
195.	P. Asoka W. : Iya iya... sira sakloron garwaningsun Tisarakcita apadene Asandi Nitra padha ngonjuk caos tetimbangan ana ngersane ingsun. Perkara ora sowane narendra ing Kalingga. <u>Ya ya ya...</u> Ragupta!				√	Pemenggalan kata 'ya' dari kata 'iya'
196.	S. Radagupta : Inggih paring dhawuh dalem.				√	Menyatakan mengerti
197.	P. Asoka W. : Sapa <u>kang</u> sowan ana ngersane ingsun?				√	Pemendekan kata 'kang' dari kata 'ingkang'
198.	S. Radagupta : Menika prajurit pinanggih jagi wonten tapal watesing Magada mriki sang prabu.				√	Pernyataan tentang prajurit yang menjaga batas kerajaan
199.	P. Asoka W. : Ingsun keparenga supaya kepara caket nggone sowan.				√	Perintah untuk mendekat
200.	S. Radagupta : Nuwun ngestokaken dhawuh. Prajurit!				√	Memanggil prajurit
201.	Prajurit : Kula.				√	Hanya menggunakan subjek
202.	S. Radagupta : <u>Wis</u> ana kepareng dalem supaya maju sowan.				√	Pemenggalan kata 'wis' dari kata 'uwis'
203.	Prajurit : Inggih sendika, sugeng dalem sewu sang senopati.				√	Penutur yang merupakan prajurit menghadap senopati dengan bahasa krama karena merupakan atasannya
204.	S. Radagupta : <u>Ya</u> .				√	Pemenggalan kata 'ya' dari kata 'iya'
205.	P. Asoka W. : Apa dene sira prajurit kang jaga ing tapal wates praja ing Magada?				√	Menanyakan tentang prajurit yang menjaga batas wilayah kerajaan
206.	Prajurit : Inggih leres. Kula ingkang kajibah njagi ing tapal wates, leresipun		√			Penutur yang merupakan prajurit

	wonten ing pinggiring lepen Mahanadi. Atur nuwun Sang Prabu Asoka Wardhana kula sumerep bebarisan prajurit pinten-pinten bergadalepen Mahanadi damel risak griya-griya ingkang mapan ing sak kiwa tengene lepen Mahanadi ingkang obong-obong, mangka menika griyanipun kawula dalem ing Magada.						menggunakan bahasa krama karena lawan tutur adalah pangeran kerajaan dan penutur
207.	D. Tisarakcita : Nyuwun dalem sewu sinuwun.				√		Memohon izin
208.	P. Asoka W. : Dhiajeng Tisarakcita.				√		Memanggil nama dengan sebutan 'dhiajeng' untuk menghargai istrinya
209.	D. Tisarakcita : Saestu atur kula ing ngajeng sak menika sampun cetha, sampun wonten buktinipun prajurit ing Kalingga damel risak. Pramila sinuwun sampun ngantos kedangon mesakake kawula alit ingkang boten ngertos perkawisipun. Kula trima taken prajurit Kalingga sinuwun.			√			Membicarakan tentang prajurit di Kalingga yang membuat kerusakan yang berdampak pada orang kecil
210.	P. Asoka W. : Tisarakcita!				√		Panggilan hanya menyebutkan nama karena memanggil istrinya
211.	D. Tisarakcita : Inggih sendika.				√		Menyatakan kesanggupan
212.	P. Asoka W. : Ingsun nedha nrima marang sira. Sira gawe bombonging penggalih insun kudu methukake prajurit saka Kalingga kang nedya bakal wani mrengkang marang Magada.				√		Mengungkapkan rasa senang
213.	D. Tisarakcita : Inggih nyuwun kepareng dalem. Kula ugi kepingin ndherek tindak dalem sinuwun.				√		Keinginan untuk ikut serta suaminya
214.	P. Asoka W. : Ora perlu kang bakal mandegani prajurit Magada ing sun pribadhi. Radagupta!				√		Pemendekan kata 'kang' dari kata 'ingkang'
215.	S. Radagupta : Nuwun paring dalem.				√		Ucapan terima kasih
216.	P. Asoka W. : Sira, ing sun dhawuhake supaya siyaga prajurit methukake prajurit Kalingga.			√	√		Perintah untuk menyiagakan prajurit
217.	S. Radagupta : Inggih sendika.				√		Menyatakan kesanggupan
218.	Nr. : Cepak semanten para miyarsa, atur giyaran kethoprak Mataram kanthi lampahan Arya Batlawa seri 20 Disungsun saking PT Gemilang Sakti Farmino ingkang mproduksi balsem, minyak parem, minyak kayu putih, lan minyak telon cap Skorpio gambar kalajengking. Sugeng pepisahan, mugih rahayu ingkang pinanggih. Nuwun.		√				Tuturan menggunakan bahasa krama yang digunakan oleh narator

